

Èske Tribinal Ki La Pou Ti Reklamasyon Piti Yo Ap Bon Pou Wou?

- ❑ Tribinal Pou Ti Reklamasyon Piti yo byen vit ak byen fasil kapab ede moun fikse pwoblèm ki gen koze ki pa depase \$5,000.00 san yo pa bezwen yon avoka pou ale nan tribinal avèk yo.
- ❑ Men kèk pwoblèm komen ki genyen nan Tribinal Pou Ti Reklamasyon Piti Yo:
 - ▶ Lajan travay yo pa peye;
 - ▶ domaj ki koze pa yon aksidan machin;
 - ▶ pwoblèm mèt kay ak lokatè pou koze lajan;
 - ▶ pwoblèm repare machin.

Ki sa Klinik Tribinal Pou Ti Reklamasyon Piti Yo Ye?

Nan Klinik Tribinal Pou Ti Reklamasyon Piti Yo, avoka prive ap konseye moun ki vle asiyen oswa ki vle defann tèt yo nan yon ka devan Tribinal ki la Pou Ti Reklamasyon Piti. Klinik lan fèt dezyèm ak katryèm Jedi chak mwa a pati 5:00 pm. rive pou 8:00 p.m. nan biwo Legal Services of Gretaer Miami, Inc. nan 3000 Biscayne Boulevard, Swit 500, Miami. Se sou randevou yo wè kliyan yo.

Kouman Pou M Jwenn yon Randevou pou m Patisipe nan yon Klinik?

- ❑ Yo kòmanse fikse randevou depi nan Vandredi maten apre chak klinik pou pwochen klinik lan. Yo ba w yon randevou pou w patisipe nan klinik lan, men yo pa ba w yon lè fiks. Randevou yo limite, kidonk nou ankouraje w siyen bonè bonè si w kapab.
- ❑ Pou w pran yon randevou, rele Paralegal Sipèryè k ap fè Antrevi Chita Tande yo nan 305-576-0080 ekstansyon "0". Epitou ou k ap ale nan biwo Legal Services of Greater Miami, Inc. nan 3000 Biscayne Boulevard, Swit 500. Di Resepsyonis lan ou vle fikse yon randevou pou pwochen klinik lan.
- ❑ Depi ou gen yon randevou, vini nan 3000 Biscayne Boulevard, Swit 500 a 5:00 p.m. nan dat randevou Klinik ou a. Lè sa w ap gen pou w siyen. Avoka prive yo ap wè moun yo nan lòd moun yo siyen an. Nòmalmant, yo fin wè tout moun disi 8:00 p.m.

- ❑ Si w pa an mezi kenbe randevou w lan, rele Paralegal Sipèryè k ap fè Antrevi Chita Tande yo nan 305-576-0080 ekstansyon 516 pou anile randevou w lan. Sa enpòtan pou yo k ap bay yon lòt moun randevou w lan.

Ki Sa Avoka yo Fè nan Klinik lan?

- ❑ Rankontre avè w pou apeprè 15 minit pou pale de ka w lan, epi ede w decide si Tribinal pou Ti reklamasyon Piti yo ap bon pou wou.
- ❑ Ba w enfòmasyon sou pwosesis Tribinal pou Ti reklamasyon Piti yo ak ki sa pou w atann ou lè w ale nan Tribinal.
- ❑ Di w kouman pou w ranpli fòm ak papye legal yo.
- ❑ Di w kouman pou w fè pwosè a ak kouman pou w voye konvokasyon pou lòt pati a.
- ❑ Avize w kouman pou w prezante prèv ou yo devan Tribinal lan ak defann ka w lan.
- ❑ Pale w de mwayen ki genyen pou jwenn antant pou ka w lan.

Ki Sa Avoka yo Pa Fè nan Klinik lan?

- Avoka yo pa ranpli ankenn fòm oswa papye pou wou. Ou dwe fè sa oumenm.
- Avoka yo pa ale nan Tribinal avè w pou reprezante w nan jijman w lan. Si w deside ou vle yon avoka pou ale nan Tribinal avè w, rele Sèvis Asosiyasyon Avoka Bawo Florid lan nan Dade County 1-800-342-8011, Broward County 954-764-8040 pou non yon avoka ki nan zòn ou. Si w pa p touche anpil lajan, mande pou yon avoka ki fè pati de gwoup avoka ki pa chaje anpil lajan, k ap fè w peye mwens.
- Avoka yo pa ekri oswa pale avèk lòt pati a pou ede w jwenn antant pou ka w lan.
- Avoka yo pa bay ankenn konsèy legal apa konseye w pandan randevou Klinik ou a.



Orè 2010 Klinik Tribinal Pou Ti Reklamasyon Piti Yo

- Janvyè - 14, 28
- Fevriye - 11, 25
- Mas - 11, 25
- Avril - 08, 22
- Me - 13, 27
- Septanm - 9, 23
- Oktòb - 14, 28
- Novan-m 18
- Desanm 9

Avi: Si w sèlman bezwen pran fòm pou w al asiyen nan Tribinal pou Ti Reklamasyon piti yo ou ta dwe ale nan Biwo Konmi nenpòt tribinal konte a epi mande pou Pakè pou Ti Reklamasyon Piti yo. Konmi a va ede w ranpli fòm ou yo si w mande asistans epi la va reponn nenpòt kesyon ou genyen pou ranpli fòm yo.

2010 Klinik Tribinal pou Ti Reklamasyon Piti



Yon Pwojè Tèt Ansanm
Legal Services of Greater Miami, Inc.,
Pwojè ki rele "Put Something Back",
ak
The Young Lawyers Division of the
Dade County Bar Association

3000 Biscayne Boulevard, #500
Miami, FL 33137

305-576-0080